

Ministère de la Justice, de la Protection Civique et Garde des Sceaux

## Bulletin d'Information n°02, novembre-décembre 2019

### Sommaire

1

Le cabinet du Ministre de la Justice, de la Protection Civique et Garde des Sceaux a déménagé vers l'ex-Présidence de la République

Page 1

2

Des mesures alternatives à l'emprisonnement s'avèrent indispensables pour réduire sensiblement la surpopulation carcérale au Burundi

Page 2

3

La politique de gestion des performances et ses outils de mise en oeuvre dans le secteur public

Page 3

4

Les conseils du Ministre de la Justice, de la Protection Civique et Garde des Sceaux à l'endroit des responsables judiciaires lors de la séance de moralisation

Page 3

5

Présentation du portail web du CEDJ et de l'application de collecte des données statistiques par le Ministre de la Justice, de la Protection Civique et Garde des Sceaux

Page 4

## Le cabinet du Ministre de la justice, de la Protection Civique et Garde des Sceaux a déménagé vers l'ex-Présidence de la République



Actuel immeuble abritant le cabinet du Ministre de la Justice, de la Protection Civique et Garde des Sceaux

Le cabinet du Ministre de la Justice, de la Protection Civique et Garde des Sceaux est actuellement située au boulevard de l'Uprona dans l'immeuble qui abritait le cabinet de la Présidence de la République. Ce déménagement concerne aussi le cabinet de l'Assistant du Ministre, le secrétariat permanent, la Direction Générale de l'Organisation Judiciaire, la Direction Générale de la Protection Civique et l'Inspection Générale de la Justice ainsi que les services y afférents. Rappelons que le Cabinet du Président de la République, le Cabinet de la première et de la deuxième Vice-présidences occupent maintenant le nouveau Palais, érigé en commune de Mutimbuzi dans la localité de Gahahe.

Alexandre MATESO.

### Adresse

Siège social du CEDJ, Rohero I,  
Av. du Luxembourg N°5  
Tél.: +257 68 761 393  
E-mail : bulletinminijust@gmail.com

### Si vous ne le saviez pas, sachez-le :

Quiconque soumet son conjoint, son enfant ou toute autre personne habitant le même toit, à des traitements cruels, inhumains ou dégradants est puni de la servitude pénale de trois ans à cinq ans et d'une amende de cinquante mille francs burundais (Article 558 du code pénal burundais)

# Des mesures alternatives à l'emprisonnement s'avèrent indispensables pour réduire sensiblement la surpopulation carcérale au Burundi



Madame Christine NIRAGIRA, Assistante du Ministre de la Justice, propose quelques mesures alternatives à l'emprisonnement pour réduire la surpopulation carcérale au Burundi

En date du 05/11/2019, le Ministère de la Justice, de la Protection Civique et Garde des sceaux, par le biais de la Direction Générale des Affaires Pénitentiaires, en collaboration avec le Comité International de la Croix Rouge a organisé un atelier d'évaluation à l'intention des acteurs de la chaîne pénale des Cours d'Appel de la municipalité de Bujumbura, sur l'impact de l'application des mesure alternatives à l'emprisonnement pour réduire considérablement la surpopulation carcérale au Burundi. Les participants à cet atelier étaient invités pour analyser la problématique de la surpopulation carcérale et proposer une application des mesures alternatives à l'emprisonnement.

Après le discours d'accueil prononcé par le Directeur Général des Affaires Pénitentiaires, l'assistante du Ministre de la Justice, de la Protection Civique et Garde des Sceaux, Madame Christine NIRAGIRA, qui a représenté le Ministre à cet atelier a fait savoir qu'il y a une remarquable inadéquation entre l'effectif des détenus et la capacité d'accueil des établissements pénitentiaires construits vers les années 1930 dont la capacité totale d'accueil s'élevait à 4.050 détenus. Curieusement, jusqu'au 30/10/2019 la situation carcérale était de 11.131 détenus, soit un taux d'occupation de 265 ;4%. **Mais alors que faut-il faire concrètement pour résoudre ce problème de surpopulation carcérale ?** D'après l' Assistante du Ministre, il faut essentiellement centrer les efforts sur les points suivants :

- 1. Le renforcement de la coordination de la chaîne pénale pour lutter contre le problème de lenteur de procédure;**
- 2. Il faudrait que parmi les priorités figure l'application des mesures alternatives à la détention;**
- 3. Il faudrait aussi privilégier le travail d'intérêt général qui reste le moins appliqué parmi les mesures alternatives à l'emprisonnement (voir le décret n°100/151 du 13/6/2013).**

Parmi les recommandations émises par les participants figure celle qui vise le renversement de la situation actuelle des détenus pour que le nombre des condamnés soit supérieur à celui des prévenus. Ils ont aussi demandé qu'il y ait diligence dans le traitement des dossiers des femmes allaitantes en vue de réduire le nombre de nourrissons dans les prisons et privilégier les restitutions des biens dans les dossiers de vol, de détournements, etc.

En Somme, il faudrait privilégier les peines pécuniaires (amende), là où la loi la prévoit et programmer souvent des itinérances pour les juridictions sans prisons pour que la surpopulation carcérale soit réduite au moins à 40% dans les plus brefs délais.

Sachez à titre d'information qu'un tel atelier a eu lieu en date du 29/11/2019 à MAKAMBA et d'autres sont programmés au cours de l'année 2020 pour les Cours d'Appel de Gitega et de Ngozi.

Alexandre MATESO

# La politique de gestion des performances et ses outils de mise en oeuvre dans le secteur public



*Vue partielle des participants à l'atelier de gestion des performances et ses outils de mise en oeuvre dans le secteur public*

Du 26 au 29 novembre 2019, le Ministère de la Justice, de la Protection Civile et Garde des Sceaux a organisé, à GITEGA, avec l'appui technique et financier du Programme des Nations Unies pour le Développement (PNUD), une session de formation sur la politique de gestion des performances dans le secteur public et ses outils de mise en oeuvre, à l'intention de ses cadres.

Le discours d'ouverture des travaux de la session de formation a été prononcé par le Secrétaire permanent au Ministère de la Justice, de la Protection civile et Garde des sceaux, Monsieur Arcade HARERIMANA. Dans son discours, le Secrétaire permanent a signalé que la formation va contribuer à la mise en oeuvre effective du Programme National de Réforme de l'Administration Publique (PNRA) dans son troisième axe intitulé : "Mettre la performance de l'administration au service du citoyen".

L'objectif global de cette formation était de consolider le leadership des institutions du Ministère de la justice à travers la maîtrise de la Politique de Gestion des Performances dans le Secteur Public (PGPSP) et l'usage des outils de sa mise en oeuvre.

Au terme de la formation, les bénéficiaires sont appelés à mettre en oeuvre la politique de gestion des performances au sein du Ministère de la Justice. Il s'agira concrètement de préparer et de signer des contrats de performances au niveau des différents services du Ministère de la Justice qui vont permettre d'évaluer en permanence leurs performances individuelles mais aussi les performances institutionnelles de leurs institutions respectives. Ils sont également appelés à restituer les connaissances acquises auprès de ceux qui n'ont pas eu l'occasion de participer à cette activité.

Il faut noter que la première équipe des bénéficiaires de cette formation était composée des cadres et responsables des services de l'administration centrale du Ministère en charge de la Justice ainsi que des cadres et responsables des administrations personnalisées de l'Etat sous tutelle dudit Ministère. Une deuxième équipe composée des personnels du pouvoir judiciaire va bientôt bénéficier de cette formation mais avec un module adapté, tenant compte des spécificités de l'organisation judiciaire.

**Joseph GITONYOTSI**

## Les conseils du Ministre de la Justice, de la Protection Civile et Garde des Sceaux à l'endroit des responsables judiciaires lors de la séance de moralisation



*Madame Aimée Laurentine KANYANA, Ministre de la Justice, de la Protection Civile et Garde des Sceaux*


En date du 11 novembre 2019, le Ministre de la Justice, de la Protection Civile et Garde des Sceaux, Aimée Laurentine KANYANA a réuni à kabezi, tous les

responsables des provinces et régions judiciaire pour leur prodiguer des conseils moraux. Au cours de cette réunion, Aimée Laurentine Kanyana a demandé aux présidents des juridictions supérieures, aux procureurs et procureurs généraux d'être de bons responsables judiciaires dans l'accomplissement de leurs tâches quotidiennes. Ces derniers ont été invités à manifester un bon accueil au service, le sens élevé d'organisation, la collaboration, l'humilité, la serviabilité et l'esprit d'analyse des besoins réels pour le bon fonctionnement des services.

Il a profité de cette occasion pour les inviter à être prudents et objectifs avant, pendant et après la période électorale. Le Ministre de la Justice, de la Protection Civile et Garde des Sceaux a invité les responsables judiciaires au respect d'éthique et de déontologie professionnelle des magistrats.

**Gilles NIKOBAMYE**

# Présentation du portail web du CEDJ et du lancement de l'application de collecte des données statistiques par le Ministre de la Justice, de la Protection Civique et Garde des Sceaux



En date du 22/11/2019 à l'Hôtel Club du Lac Tanganyika, Madame le Ministre de la Justice, de la Protection Civique et Garde des Sceaux, en collaboration avec le Programme des Nations Unies pour le Développement (PNUD) a procédé à l'ouverture d'un atelier de présentation aux différents acteurs de l'appareil judiciaire et aux médias, le portail web du Centre d'Etudes et de Documentations Juridiques (CEDJ) et a procédé également au lancement officiel de l'Application de Collecte des Données Statistiques.

Dans son allocution, elle a exprimé sa fierté de voir notre pays se doter d'un portail web baptisé « Mémoire du Droit burundais » qui est beaucoup plus qu'une base de données qui en est le pilier. Ce portail web constitue une véritable révolution dans le contexte burundais dans la mesure où il veut ouvrir toute la documentation juridique à la population nationale et au monde entier, car quel que soit le lieu où on sera, au Burundi ou n'importe dans quel coin du globe, on aura le libre accès à la législation burundaise en cliquant sur le site « **amategeko.bi** », grâce à ce portail web.

Quant au lancement de l'application de collecte des données statistiques de notre Ministère, S.E Madame le Ministre de la Justice, de la Protection Civique et Garde des Sceaux a tenu à rappeler que, cela s'inscrit dans la droite ligne du Ministère pour la mise en œuvre du

Programme National pour le Développement (PND) 2018-2027.

Cette application va permettre à l'autorité hiérarchique de suivre l'évolution des dossiers, dès leur ouverture jusqu'à leur mise en exécution. Elle va également permettre aux différents chefs de service, d'encadrer leurs services dans la gestion saine des dossiers judiciaires pour couper court avec la lenteur qui s'observe, tout en évitant le problème lié aux arriérés judiciaires. Le Ministre a aussi interpellé certains magistrats pour qu'ils se ressaisissent car tout sera découvert à travers cette application.


Signalons qu'elle a terminé par la publication officielle du premier numéro du Bulletin d'Information du Ministère de la Justice, de la Protection Civique et Garde des Sceaux, qui vient emboîter le pas des autres initiatives visant à informer le public sur les activités réalisées par notre Ministère.

C'est grâce à l'appui financier du PNUD, que ce portail a été implanté en vue d'offrir un accès facile de la population à la loi burundaise.

**Yves Kévin IRAMBONA**

## Comité de Rédaction

- |  |   |
|--|---|
| 1. Monsieur MATESO Alexandre, Directeur des publications et Rédacteur en chef;   | 8. Monsieur GITONYOTSI Joseph, Rédacteur;       |
| 2. Monsieur BIGIRIMANA Elianson, Directeur-adjoint et Rédacteur en Chef-adjoint; | 9. Madame BANGIRICENGE Agnès, Rédacteur;        |
| 3. Monsieur NIKOBAMYE Gilles, Secrétaire de rédaction;                           | 10. Monsieur MUHIGIRWA Déogratias, Rédacteur;   |
| 4. Madame NDIZEYE Alphonsine, Secrétaire de rédaction adjoint;                   | 11. Monsieur MACUMI Liévin, Rédacteur;          |
| 5. Monsieur KAYOBERA Nestor, Coordinateur de la Publication;                     | 12. Monsieur MANARIYO Désiré, Rédacteur;        |
| 6. Monsieur GAHIMBARE Nicodème, Coordinateur adjoint                             | 13. Monsieur SINDAYIGAYA Michel, Informaticien; |
| 7. Monsieur IRAMBONA Yves Kévin, Rédacteur;                                      | 14. Monsieur NDIKUMANA Janvier, Infographiste.  |



# Ubushikiranganji bw'Ubutungane, kwubahiriza iteka n'itekane vy'Igihugu no gushingura ikimangu ca Repuburika y'Uburundi

## **Ikinyamakuru n°02, munyonyo-kigarama 2019**

### Ibirimwo

**1**

Ibiro vy'Umushikiranganji w'Ubutungane, Kwubahiriza iteka n'itekane vy'Igihugu no gushingura ikimangu ca Repuburika, vyimukiye ahahora ibiro vy'Umukuru w'Igihugu

Ku rupapuro 1

**2**

Harakenewe ingingo zibereye zosubirira igihano co gufungwa kugira igitigiri c'umurengera c'abapfunzwe kigabanuke mu mabohero yo mu Burundi

Ku rupapuro 2

**3**

Umugambi wo gutunganya ibisata vya reta ku buryo bishika kw'ihangiro vyihaye mu mirimo bijejwe

Ku rupapuro 3

**4**

Umushikiranganji w'Ubutungane, Kwubahiriza iteka n'itekane vy'Igihugu no gushingura ikimangu ca Repuburika, ashikiriza impanuro mu Kabezi, indongozi nkuru zo mu Butungane

Ku rupapuro 3

**5**

Ikigo CEDJ gihuterse gushikirizwa umuhora ngurukanabumenyi wiharije amategeko y'Uburundi

Ku rupapuro 4

## Ibiro vy'Umushikiranganji w'Ubutungane, Kwubahiriza iteka n'itekane vy'igihugu no gushingura ikimangu ca Repuburika, vyimukiye ahahora ibiro vy'Umukuru w'Igihugu



*Inyubakwa ibiro vy'Umushikiranganji w'Ubutungane vyimukiyemwo*

**U**bu ibiro vy'Umushikiranganji w'Ubutungane, Kwubahiriza iteka n'itekane vy'Igihugu no gushingura ikimangu ca Repuburika, biri kw'ibarabara ryitiriwe UPRONA ahahora ibiro vy'Umukuru w'Igihugu.

Muri iyo nyubakwa y'Ubushikiranganji w'Ubutungane, himukiyeyo kandi ibiro vy'Umwunganizi w'Umushikiranganji, ibiro vy'Umunya mabanga ntayegayezwa, ibiro vy'Ubuyobozi bukuru bujewe gutunganya ivyerekeye

Ubutungungane, Ubuyobozi Bukuru bwo kwubahiriza iteka n'itekane vy'Igihugu hamwe n'ibiro vy'ubugenduzi bukuru bw'Ubutungane n'ibisata bibikukira.

Tubibutse ko ibiro vy'Umukuru w'Igihugu ubu vyimukiye ku kirimba gishasha cubatswe muri komine Mutimbuzi, ahitwa mu Gahahe. Ibiro vy'Icegera ca mbere c'Umukuru w'Igihugu n'ibiro vy'Icegera ca kabiri c'Umukuru w'Igihugu navyo nyene biri muri ico kirimba.

**Alexandre MATESO**

### Aho candikirwa

Mu kigo CEDJ, Rohero I,  
Ibarabara Luxembourg N°5  
Terefone: +257 68 761 393  
E-mail : bulletinminijust@gmail.com

### Mukaba mutari mubizi, bimenye :

Uwo wese afata bunyamaswa uwo bubakanye, umwana wiwe canke uwundi muntu wese babana mu nzu, ahanishwa umunyororo uva ku myaka itatu gushika ku myaka itanu n'ihadabu ry'amafaranga ibihumbi mirongo itanu (Ingingo ya 558 yo mu gitabu mpanavyaha c'Uburundi)

# Harakenewe ingingo zibereye zosubirira igihano co gufungwa kugira igitigiri c'umurenge c'abapfunzwe kigabanuke mu mabohero yo mu Burundi



Umupfasoni Christine NIRAGIRA, Umwunganizi w'Umushikiranangijwe w'Ubutungane, ariko ashikiriza zimwe mu ingingo zosubirira igihano co gufungwa

**K**w'igenekerezo rya 5munyonyo 2019, Ubushikiranangijwe bw'Ubutungane, Kwubahiriza iteka n'itekane vy'Igihugu no gushingura ikimungu ca Repuburika, bucishije ku buyobozi bukuru bw'amabohero, bwifatanije kandi n'ishirahamwe mpuzamakungu ryitaho imbabare CICR, bwaratunganije uruganda rwo guhanahana ivyiyumviro ku ingingo zibereye zoshirwaho kugira zisubiririre igihano co gufungwa.

Abari batumiwe muri urwo ruganda ni abaserukira amasentare n'abakozi bo mu mabohero bakukira sentare zisubiramwo imanza zo mu gisagara ca Bujumbura. Uwo mugambi ugenze neza, bitegekanijwe ko igitigiri c'abapfunzwe cogabanuka gushika ku bice mirongo ine kw'ijana.

Inyuma y'ijambo ryo guha ikaze abatumire ryashikirijwe n'umuyobozi mukuru ajejwe amabohero, umwunganizi w'umushikiranangijwe w'ubutungane ari nawe yugurujwe ico gikorwa, umupfasoni Christine Niragira, yaboneyeho akaryo ko gusaba abo bose bafise ico bofasha ko bokora ibishoboka vyose kugira ico kibazo kiraje ishingira reta y'Uburundi gitorerwe umuti urama.

Uwo mwunganizi amaze kumenyesha ko gushika ubu mu Burundi hapfunzwe abantu 11 131 kandi amabohero atategerezwa kwakira abarenga 4 050, ni ukuvuga ibice 265,4%, (ivy'igitigiri ni ivyo gushika kw'igenekerezo rya

30/10/2019) niko guca basaba ko bitora ingingo zibereye zosubirira igihano co gufungwa kugira ivyo bitigiri bigabanuke. Ingingo nkurukuru zotuma bishoboka zofatira ku bintu bitatu bikurikira :

- 1. Guhimiriza abacamanza bose guca ningoga imanza nti hagire izidindirira mu masentare;**
- 2. Gushira imbere ingingo zose nziza zosubirira igihano co gufungwa;**
- 3. Gutegekanya ibikorwa vy'iterambere ry'igihugu vyokorwa n'abanyororo bisubirira igihano co gufungwa ku bantu bagirizwa ivyaha bito bito.**

Izindi ingingo zashikirijwe zibereye ni uko hokorwa ibishoboka vyose kugira mu mabohero igitigiri c'abamaze giciribwa imanza cosumba ico abataraziciribwa kuko gushika ubu, abapfungwa bataraciribwa imanza basumba kure abamaze kuziciribwa. Imanza z'abapfasoni bapfunzwe bafise abana bato zonyaruka gucibwa kugira igitigiri c'abana naco kigabanuke. Abapfunzwe kubera bagiriwe n'icaha c'ubusuma no kunyonora amatungo bocibwa amande canke bishoboka bagasabwa gushubira ivyo bivye hakurikijwe ico amategeko avuga.

Mwumenyako urundi ruganda nk'urwo rwatunganijwe i Makamba kw'igenekerezo rya 29/11/2019. Izindi zitegekanijwe mu mwaka wa 2020 i Gitega n'i Ngozi.

**Alexandre MATESO**

# Umugambi wo gutunganya ibisata vya reta ku buryo bishika kw'ihangiro vyihaye mu mirimo bijejwe



*Bamwe mu bari mu nama yo gukarihiriza ubwenge abakozi bo mu bushikiranganji butandukanye kugira imigambi biyemeje ishike kw'ihangiro*

Kuva kw'igenekerezo rya 26 gushika ku rya 29 Munyonyo umwaka wa 2019, Ubushikiranganji bw'Ubutungane bwaratunganiye, i GITEGA, inyigisho zo gukarihiriza ubwenge abakozi babwo bakurubakuru n'abajejwe abandi ku bijanye n'umugambi wo gutunganya ibisata vya Reta ku buryo bishika kw'ihangiro vyihaye mu mirimo bijejwe no kubishobora gufasha kuwushira mu ngiro. Ubushikiranganji bwatunganiye izo nyigisho bufashwe mu mugongo n'Igisata mpuzamakungu citaho iterambere (PNUD).

Ijambo ryo kwugurura ibikorwa vy'iyo nama nkarishabwenge ryashikirijwe n'Umunyamabanga ntayegayezwa mu Bushikiranganji bw'Ubutungane, Arcade HARERIMANA. Yaramenyeshye abari aho yuko izo nyigisho zije guterera mw'ishirwa mu ngiro ry'umugambi w'igihugu ujanye no gutunganya gushasha intwari mu bisata vya Reta ku neza y'umwenehuguru.

Muri rusangi, izo nyigisho zari zifise intumbero yo gushimangira uburongozi bwiza mu bisata vy'Ubushikiranganji bw'Ubutungane biciye mu gufata nkama umugambi wo gutunganya ibisata vya Reta ku buryo bishika kw'ihangiro vyihaye mu mirimo bijejwe, hamwe n'ibikoreshwa mu kuwushira mu ngiro.

Inyigisho zihejeje gutungwa, abazironkejwe bahamagariwe gushira mu ngiro umugambi wo kwiha ihangiro no kurishikako mu Bushikiranganji bw'Ubutungane, basabwe rero kuja gutegura no gushira imikono ku masezerano arimwo ihangiro bihaye gushikako n'ingene bategekanya kurishikako mu bisata bitandukanye vy'Ubushikiranganji bw'Ubutungane. Barahamagariwe kandi kuja gusasagaza ubumenyi baronse mu bandi bakozi bakorana bataronse akaryo ko kuba mu baronkejwe inyigisho ubwambere.

Twobamenyeshya yuko umurwi wa mbere w'abaronkejwe inyigisho wari ugizwe n'abakozi bakurubakuru n'abajejwe abandi mu Biro vy'Umushikiranganji hamwe n'abo mu bisata vya Reta vyitunganiriza intwari n'ikigega vyegukira Ubushikiranganji bw'Ubutungane. Umurwi ugira kabiri wimirije kuronswa inyigisho nkizo uzoba ugizwe n'abakozi bo mu ma sentare n'amaparake, kandi bazokwigishwa hakoreshejwe integuro y'ivyigwa ihinyanyuwe hisunzwe ukwo izo sentare na parake zifise ivyo zisangije mu ndinganizo y'imirimo zijejwe.

**Joseph GITONYOTSI**

## Umushikiranganji w'Ubutungane, Kwubahiriza iteka n'itekanavy'Igihugu no gushingura ikimangu ca Repuburika, ashikiriza impanuro mu Kabezi, indongozi nkuru zo mu Butungane



*Umupfasoni Aimée Laurentine KANYANA, Umushikiranganji w'Ubutungane, Kwubahiriza iteka n'itekane vy'Igihugu no gushingura ikimangu ca Repuburika*

KANYANA yarakoranye indongozi nkuru zo mu butungane mu kabezi mu ntara ya Bujumbura, mu ntumbero y'ukuzishikiriza impanuro.

Umushikiranganji Aimée Laurentine Kanyana yasavye izo ndongozi kuba akarorero keza mw'irangurwa ry'imirimo ya misi yose.

Izo ndongozi zahamagariwe kurangwa n'ukwakira neza abazituye, gutegura neza ibikorwa vya misi yose, kuja inama n'ingingo n'abo zikorana, kwicisha bugufi, gutunganiriza abazituye no kwitwararika ibikenewe kugira ngo akazi karangurwe neza.

**Gilles NIKOBAMYE**

**K**u musi wa mbere igenekerezo rya 11 mukakaro 2019, Umushikiranganji w'ubutungane, kwubahiriza iteka n'itekane vy'Igihugu no gushingura ikimangu ca Repuburika, Aimée Laurentine

# Ikigo CEDJ giherutse gushikirizwa umuhora ngurukanabumenyi wiharije amategeko y'Uburundi



**K**w'igenekerezo rya 22 Munyonyo umwaka wa 2019, mw'ihoteri yitiriwe ikiyaga Tanganyika, Umushikiranangaji w'Ubutungane, Kwubahiriza iteka n'itekane vy'Igihugu no gushingura Ikimangu ca Rapuburika, yifadikanije n'ishirahamwe mpuzamakungu ryitaho iterambere (PNUD), yaruguruye ibikorwa vy'uruganda rwo gushikiriza umuhora ngurukanabumenyi w'ikigo CEDJ wiharije amategeko y'Uburundi.

Urwo ruganda rwari rwatumiwemwo abakorera mu gisata c'ubucamanza hamwe n'ibimenyeshamakuru. Umushikiranangaji yaratanguje kandi icese integuro ishira mu mashini nyabwonko igakoreshwa mu gutororokanya ibiharuro bifatirwako.

Mw'ijambo ryiwe, Umushikiranangaji w'Ubutungane yaragaragaje umunezero wo kubona Uburundi buronse umuhora ngurukanabumenyi wiharije amategeko y'Uburundi wataziriwe « **Ikigega c'amateka yo mu Burundi** » (**Mémoire du droit burundais**). Uwo muhora uje guhindura vyinshi mu Burundi mu gihe Abarundi canke abanyamahanga baba aha mu Burundi canke mu zindi mpande z'isi bagiye kuzohora bamenya bitabagoye ibintu vyose bijanye n'amategeko y'Uburundi, bafyonze ku kadirisha « **amategeko.bi** » kari muri uwo muhora ngurukanabumenyi.

Ku bijanye no gutanguza icese integuro ishira mu mashini nyabwonko igakoreshwa mu gutororokanya ibiharuro bifatirwako mu Bushikiranangaji bw'Ubutungane, Umushikiranangaji w'Ubutungane yaribukije ko bijanye n'itunganywa gushasha ry'ibisata bigize ibiro vy'ubushikiranangaji mu ntumbera yo gushira mu ngiro Umugambi w'igihugu ujanye n'iterambere (PND 2018-2027).

Iyo nteguro ishira mu mashini nyabwonko igakoreshwa mu gutororokanya ibiharuro bifatirwako, izofasha abajewe abandi mu gukurikirana ukwo ama dosiye yo mu ma sentare na za parake ariko aragenda, kuva yugururwa gushika asozerwe. Iyo nteguro izofasha kandi mu gutunganya neza amadosiye, kugira ntihasubire kubandanya hibonekeza ibirarane vy'imanza zitaraja mu ngiro bivuye ku kwikwega mu kwiga ayo madosiye.

Umushikiranangaji yarakubuye kandi abashikirizamanza n'abacamanza abasaba kwisubirako, kuko iyo nteguro ishira mu mashini nyabwonko izogaragaza ivyaranze idosiye yose yahawe buri mucamanza canke umushikirizamanza.

Twobamenyeshako Umushikiranangaji yarangije atangaza inomero ya mbere y'Ikinyamakuru canditse, gisohoka buri kwezi, mu ntumbero yo kumenyeshako abenegihugu ibikurubikuru birangurwa n'ubwo Bushikiranangaji.

**Yves Kévin IRAMBONA**

## Abagize uruganda rw'iyandikiro

- |  |  |
|--|--|
| 1. MATESO Alexandre,<br>Umuyobozi n'Umukuru w'uruganda;              | 8. GITONYOTSI Joseph,<br>Umwanditsi;     |
| 2. BIGIRIMANA Elianson,<br>Icegera c'Umuyobozi n'Umukuru w'uruganda; | 9. BANGIRICENGE Agnès,<br>Umwanditsi;    |
| 3. NIKOBAMYE Gilles, Umunyamabanga;                                  | 10. MUHIGIRWA Déogratias,<br>Umwanditsi; |
| 4. NDIZEYE Alphonsine,<br>Icegera c'Umunyamabanga;                   | 11. MACUMI Liévin,<br>Umwanditsi;        |
| 5. KAYOBERA Nestor,<br>Uwujewe gutunganya ibikorwa;                  | 12. MANARIYO Désiré,<br>Umwanditsi;      |
| 6. GAHIMBARE Nicodème,<br>Icegera c'uwujewe gutunganya ibikorwa      | 13. SINDAYIGAYA Michel,<br>Umuhinga;     |
| 7. IRAMBONA Yves Kévin, Umwanditsi                                   | 14. NDIKUMANA Janvier<br>Umuhinga.       |

**MURADUTUNGE** : Mu kinyamakuru cacu n°01, gitugutu 2019 giherutse gusohoka, uruhande rw'ikirundi, mu rutonde rw'igenwa ry'abagize Inama Nkuru y'Uburucamanza twaribagiye gushiramwo **BIZIMANA Bernard** na **NSABIMANA Nadine**